



SENGERA

AGAKIZA

Kirundi

K“Kandi nta wundi agakiza kabonekeramwo, kukw’ata rindi zina musu y’ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo. (Ivyakozwe n’intumwa 4: 12)”.

Uku kwezi, turasenga Data wa twese atange agakiza. Aho dusengera imitwari ijanye n’ivy’agakiza ku bihugu vyinshi, duhamagara Imana ngo yugurure amaso y’abazimiye mu vy’impwemu, no gukangura abakomantaye ku vyo kumenya Imana, no gushigikira abihubuye, kugira bawe mu buja bw’ubwoba, bakure mu kwizera, babe abidegemvya.

Ingabire y’agakiza k’Imana ni inyishu ku vyaha vyacu no gutandukana n’Imana. Ubutungane bwayo nuko ihana icaha, ariko ubwo butungane bwashikijwe n’urupfu rwa Yesu uwadupfiriye. Urupfu rwa Yesu rwazanye imbabazi no kwidegemvya abamwizeye bese.

Nkuko Paulo yabivuze: “Arikw’ineza y’Imana Umukiza wacu n’urukundo ikunda abantu, bimaze kuboneka, iradukiza itadukirishije ibikorwa vyo kugororoka twakoze, ariko, nk’uk’imbabazi zayo ziri, idukirisha ukwozwa kuzana ukuvyarwa ubwa kabiri, ikadukirisha uguhindurwa basha na Mpwemu Yera, uwo yaducuncuburiyeko kubwa Yesu Umukiza wacu (Tito 3: 4 – 60”. Mbega ingabire y’agaciro! Senga Imana kubw’agakiza k’abakwegereye, kw’abazogutorana, k’ababanyi n’abagenzi, no ku gihugu cawe. Basengere bihane ivyaha vyabo kandi uvyibutse mu kwizera Umucunguzi nyen’ubushobozi.

Ariko nta na kimwe gihagarara ku gakiza kacu, Ishaka k’ubucuti dufitaniye buhindura ubuzima bwacu ngo bumere nk’ubwayo, aho umwidegemvyo wuzura ingingo zose z’ubuzima. Kenshi twisanga twacumuye, turwana n’ivyiyumviro canke n’uruhagarara be n’ukwihebura. Ijambo ry’Imana riratwerekana ingene twohindukira tukava mu bibi tukabaho ubuzima buhimbara Imana (Tito 2: 11–14).

Izina rya Yesu rirahambaye mu gucatura imigozi yari ituboshe. Ni mumuhe imitima yanyu imenetase. Mumwegere mumwubashe. Agakiza kayo gakwire ubuzima bwanyu bwose, ntimwankire Imana uko yokora, ni mumwiyegurire. Turahindukiriye Imana iducungure kandi itwuzuze umunezero mu gihe tumwiyeguriye.

“Uhoraho yamaha, Igitandara canje gihimbazwe; Imana y’agakiza kanje ishirwe hejuru. (Zaburi 18: 46)”.

<p>1. Senga kugira Abakenyezi b'Ivyizigiro muri Indonesie na Java ivyo bokora ntibibe ivyo gufasha ku magara yabo gusa ariko baronke n'ivy'impwemu n'urukundo rwa Yesu.</p>	<p>2. Uhoraho yarakoze guhezagira umurwi mushasha w'amasengesho muri Serbie. Senga kugira ikiganiro Abakenyezi b'Ivyizigiro vuba kizovuge kandi gifashe imitima y'abakenyezi nk'imvura igwa kw'isi y'ubugaragwa.</p>	<p>3. Imana ikize yigarurire abo muri Albanie baboshwe n'imigozi yo kudandaza kiremwa muntu kandi bararonse iradiyo ikoresha n'imishwarara y'izuba mu kwumviriza ikiganiro Ubutunzi bunyegejwe. Turasenga ngo bayigirire inyota kandi baronke urukundo rwayo.</p>
<p>4. Uhoraho warakoze guhamagara no kwihishurira abakenyezi bakiri bato ngo baboneke mu bikorwa vy'Abakenyezi b'Ivyizigiro muri Finlande. Urakoze ku majana y'abagabo n'abagore bakora mur'ivyo bikorwa.</p>	<p>5. Sengera kudaterwa isoni n'ubutumwa bwiza. Ni umunyabushobozi, agakiza k'abizera. Uhoraho, adufashe gusangira no kuba mu butumwa bwiza mu buzima bwacu (Abaroma 1: 6).</p>	<p>6. Data korera mu mitima y'abakristo muri Ukraine kugira babe mu bugombe bwawe kandi bashire imbere ugutanga inkuru y'agakiza ka Yesu Kristo ku babakikuje.</p>
<p>7. Uhoraho, Warakoze cane gushigikira abakenyezi bo muri Serbie ngo bagume mu kwizera n'aho bari mu buzima bw'ingorane, bikabagora kuba mu butumwa bw'agakiza n'imigisha y'ubuzima bw'ibihe bidashira.</p>	<p>8. Senga kugira abanyafrikakazi bakorere Imana Data yonyene, kandi iyo nyigisho bayihe abana babo. "Ntugire izindi mana umbangikaya (Kuvayo 20: 3)".</p>	<p>9. Senga kugira Abafaransa bahindukirire Imana bibabere nk'innyishu y'ingorane aho kuguma bumva bihebuye.</p>
<p>10. Senga kugira Norvege abantu bave mu mitego n'imyitarariko y'ubutumwa, bashuire imbere kurondera Imana. Igarukane imitima y'abataye ukwizera rukristo.</p>	<p>11. Data, abakenyezi benshi bo mu mihana y'I Tamil mu Buhindi baratwawe n'ubupfumu, Mana ubugurure amaso bamenye Yesu Kristo ababohore.</p>	<p>12. Uhoraho, urakoze kugwiza imirwi y'abasenzi muri Allemagne mu Bakenyezi b'Ivyizigiro vya TWR kandi ubahe ugusenga no gufasha abanyamahanga baba mur'ico gihugu.</p>
<p>13. Senga kugira abantu batahure ko twacunguwe ku buntu no kwizera atari ku nkomezi zacu canke ku bikorwa vyacu, ariko ni kubw'ingabire ya Yesu Kristo. (Abanyefeso 2: 8).</p>	<p>14. Senga kugira habe ubucuti bw'ukuri hagati y'abakristo ba Koreya y'epfo n'impunzi za Koreya ya ruguru, kuko abakristo baba mu rukundo rwa Yesu Kristo, bagafasha impunzi mu vyo bakena ku musi ku musi.</p>	<p>15. Turasenga ngw'abakenyezi bose baronke agakiza mu buzima bwabo. Data, ubahe ukwizera mu mitima yabo. Udufashe kubasengera imisi yose.</p>
<p>16. Senga kugira abakenyezi n'abagabo biyegereze Yesu Kristo bahinduke ivyaremwe bisha n'ubuzima busha. (2Ab'iKorinto 5: 17).</p>	<p>17. Data, kora ku mitima y'abantu bo muri Finlande uko bariko barondera ubuzima, bakumenye. Ubahe gushikama babe abakristo bafise intahe nziza bakwirikire ijambo ryawe.</p>	<p>18. Data, urakoze ingene ukoresha Abakenyezi b'Ivyizigiro ba TWR kugira werekane urukundo rwawe ku bakenyezi mw'isi. Urakoze kugurura imiryango kugira abakenyezi babone urukundo rwa Kristo muri Canada.</p>
<p>19. Uhoraho, Warakoze gutanga agakiza no kwihishura ngo bamenye Uwuriwe kandi bakubone mu bigenda bibagora.</p>	<p>20. Uhoraho warakoze gushiraho imirwi y'abasenzi y'Abakenyezi b'Ivyizigiro ba TWR mu ndimi zose muri Suede! Shigikira kandi ukwamamazwa kw'ubutumwa bw'ivyizigir ku bakenyezi benshi mw'Izina rya Yesu.</p>	<p>21. Data, turasenga kugira abagabo n'abagore bizere Yesu, ngo umwizera wese ntazopfa rubi, ariko azohabwa ubugingo budashira. (Yohana 3: 16).</p>
<p>22. Uhoraho, amaso aguhindukirire mu bihe vya Noeli. Turasenga ngw'agakiza karwire kubera kwiyumvira ingene Imana yamanutse mw'isi nk'umuntu.</p>	<p>23. Data, turasenga ngw'impunzi z'aisilamukazi bo muri Allemagne bamenye Yesu nk'Umucunguzi n'Umukiza bumvirize ibiganiro Abakenyezi b'Ivyizigiro ku buhinga ngurukanabumenyi.</p>	<p>24. Uhoraho, abakenyezi b'abanyafrika babe mu kuri kandi ubuzima bwabo babugushikirize. Babohoke ku bwoba bwabo buvuye ku kwemera kundi.</p>
<p>25. Senga kugira abantu batahure ko Yesu ari inzira, ukuri n'ubugingo (Yohana 14: 6).</p>	<p>26. Turavyemeje kw'ata wundi agakiza kabonekeramwo, kukw'ata rindi zina musi y'ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo (Ivyakozwe n'Intumwa 4: 12).</p>	<p>27. Data, korera mu mitima y'abo muri Suisse kugira bakunde bongere bakingire abana babo bazovuka bahe n'agaciro ubuzima waremmye.</p>
<p>28. Urakoze Uhoraho ku bumviriza ibiganiro Abakenyezi b'Ivyizigiro muri Portugal. Bumve ko bagukeneye kandi bakire Yesu Kristo nk'Umucunguzi wabo.</p>	<p>29. Data, Wewe wenyene uri urutare rwacu kandi uri agakiza kacu, uri inkomezi zacu natwe ntutuzoteterwa. (Zaburi 62: 3).</p>	<p>30. Data, urakoze gukangura abadagi bari bibagiye ubukristo. Ingo ukomeze ubuzima mur'iki gihugu.</p>
<p>31. Data, abagabo n'abakenyezi bizere Izina ryawe, bakwakire mu buzima bwabo kugira babe abahungu bawe n'abakobwa bawe. (Yohana 1: 12)</p>		